

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat ngeunaan éféktivitas modél pangajaran portofolio dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012, bisa dicindekkeun ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 kaasup cukup nyugemakeun. Hal ieu katitén tina hasil rata-rata pretés boh kelas ékspérimén boh kelas kontrol nya éta masing-masing 57% jeung 58,23% tina hasil rata-rata kelas 57%. Ku kituna, kamampuh nulis carpon siswa kaasup geus cukup, tapi masih kénéh kawilang kurang.
- 2) Kamampuh siswa kelas ékspérimén saméméh dibéré perlakuan modél portofolio jeung kelas kontrol anu teu dibéré perlakuan tina ieu modél tétéla leuwih gedé hasil pretés kelas kontrol ti batan kelas ékspérimén. Di kelas ékspérimén, siswa anu can mampuh ngahontal nilai rata-rata aya 16 siswa, sedengkeun 2 siswa kaasup geus hadé dina nulis carpon. Di kelas kontrol, siswa anu can mampuh ngahontal nilai rata-rata aya 13 siswa, sedengkeun anu geus katitén hadé nya éta 2 siswa.
- 3) Kamampuh siswa kelas ékspérimén sabada dibéré perlakuan modél pangajaran portofolio jeung kelas kontrol anu teu dibéré perlakuan tina ieu

modél tétéla peunteun kelas ékspérimén ngaronjat. Hal ieu katitén tina hasil postés, jumlah siswa anu can mampu nulis carpon nu hadé nya éta 5 siswa, sedengkeun siswa séjén geus mampu ngahontal nilai rata-rata $\geq 60\%$. Béda jeung hasil postés di kelas kontrol anu jumlah siswa anu can ngahontal nilai rata-rata nya éta 14 siswa. Sanajan kitu, tina hasil uji gain rata-rata perséntase kamampuh nulis carpon siswa kelas ékspérimén anu asalna 57% ngaronjat jadi 78,27% atawa ngaronjat kurang leuwih 21,27%. Sedengkeun tina hasil uji gain rata-rata perséntase kamampuh nulis carpon siswa kelas kontrol anu asalna 58,23% ngaronjat jadi 61,93% atawa ngaronjat kurang leuwih 3,70%.

- 4) Tina hasil pretés, postés, jeung uji gain tina tiap kelas ékspérimén jeung kelas kontrol bisa dicindekeun yén modél pangajaran portofolio éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012. Ieu hal dibuktikeun ogé tina uji hipotésis yén $t_{itung} > t_{tabel}$ atawa $27,69 > 2,76$, hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carpon siswa kelas ékspérimén anu dibéré perlakuan modél pangajaran portofolio jeung siswa kelas kontrol anu henteu dibéré perlakuan ieu modél.

5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun ieu panalungtikan ka siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 anu dijudulan “Éféktivitas Modél Pangajaran Portofolio pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carpon (Studi Ékspérimén Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012)”,

aya sababaraha hal anu jadi rékomendasi boh pikeun panalungtikan saterusna, hususna anu aya patalina jeung kamampuh nulis carpon atawa pangajaran séjén anu ngagunakeun modél portofolio dina prosés pangajaran, boh pikeun guru, siswa, atawa saha baé anu maca ieu skripsi. Rékomendasi-rékomendasi ieu diébréhkeun di handap:

- 1) Modél pangajaran séjén bisa digunakeun pikeun nalungtik kumaha hasilna dina prosés pangajaran basa Sunda.
- 2) Saupama ngagunakeun modél pangajaran portofolio, perlu ayana obsérvasi anu apik ti siswa jeung guru sorangan. Lian ti éta, éksplorasi minat siswa perlu dilaksanakeun sangkan siswa leuwih onjoy dina maham matéri anu rék dipidangkeun.
- 3) Kegiatan nulis teu ngan saukur bisa diajarkeun di jero kelas, siswa leuwih onjoy saupama pangajaran teu dominan di kelas, tapi ngamangpaatkeun fasilitas séjén nu aya di sakola.
- 4) Ieu modél pangajaran portofolio geus kabukti bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa, dipiharep ogé bisa digunakeun ku guru pikeun leuwih ngeuyeuban élmu dina prak-prakan ngajar sarta mampuh ogé ngaronjatkeun kompeténsi pangajaran séjén.